

Pwoteksyon pou Viktim/Sivivan Vyolans Nan Kay Kont Diskriminasyon nan Zafè Lojman

Ou Fèt pou Konnen Obligasyon w yo

Komisyon Vil New York sou Dwa Imen se yon resous pou ede w konfòme pratik ou yo defason pou respekte Lwa sou Dwa Imen nan Vil New York. Dokiman sa a bay enfòmasyon konsènan nouvo pwoteksyon pou lokatè ak moun k ap chèche lojman ki se viktim/sivivan vyolans nan kay, enfraksyon seksyèl osinon asèlman.

Kòmanse depi 26 jiyè 2016, se yon vyolasyon Lwa sou Dwa Imen nan Vil New York si w trete lokatè oswa moun k ap aplike pou achte oswa pou lwe kay yon fason ki diferan akoz estati yo kòm viktim/sivivan vyolans nan kay, enfraksyon seksyèl, oswa asèlman.

Kiyès ke dispozisyon sa a pwoteje?

Kèlkeswa moun k ap viv oswa k ap chèche yon lojman nan Vil New York ki se yon:

Viktim/Sivivan Vyolans Nan Kay, ki vle di yon moun ki sibi zak oswa menas vyolans nan yon fason ki konstitye yon krim selon lwa kriminèl, nan men

- mari/madanm aktyèl li oswa nan men ansyen mari/madanm li;
- yon moun viktim/sivivan an gen yon timoun avè l;
- yon moun k ap viv oswa ki t ap viv avèk viktim/sivivan an;
- yon moun ki toujou oswa ki te nan yon relasyon menaj san enteripsyon oswa relasyon entim avèk viktim/sivivan an; oswa
- yon moun k ap viv oswa ki t ap viv san rete oswa k ap viv a dè entèval regilye nan menm kay avèk viktim/sivivan an;

oswa Viktim/Sivivan Enfraksyon Seksyèl oswa Asèlman, jan sa defini nan lwa kriminèl la.

Ki kalite lojman ki kouvri?

- Prèske tout tip lojman nan Vil New York kouvri nan lwa sa a. Sèl eksepsyon yo se:
 - Kay ki akomode de fanmi kote mèt kay la oswa yon manm nan fanmi mèt kay la abite nan kay la e yo pat pibliye lojman ki te disponib la;
- OSWA
- Yon pyès oswa plizyè pyès nan kay la kote mèt kay la oswa fanmi mèt kay la rete tou.

Sa vle di ke tout pwopriyetè, pwopriyetè lokatè, lokatè, sou-lokatè, sesyonè, ajan jesyonè, oswa tout lòt moun ki gen dwa pou vann, lwe, oswa afème (osinon apwouve vant, lokasyon oswa bay) yon lojman, ak ajan oswa anplwaye yo, fèt pou konfòme yo ak lwa a.

Kisa ki entèdi?

Ou pa gen dwa:

- Refize vann, lwe, oswa afème lojman paske yon moun se yon viktim/sivivanvyolans domestik, enfraksyon seksyèl, oswa asèlman;
- Bay fo enfòmasyon sou disponiblite yon lojman paske yon moun se yon viktim/sivivanvyolans nan kay, enfraksyon seksyèl, oswa asèlman;
- Fòse yon viktim/sivivanvyolans nan kay, enfraksyon seksyèl, oswa asèlman pou l kite yon apatman;

- Etabli diferan tèm, kondisyon, oswa privilèj pou vant, lokasyon, oswa afèmay lojman (ki enkli chaje frè anplis oswa egzije yon depo sekirite ki plis ke montan nòmal la) paske yon moun se yon viktim/sivivanvyolans nan kay, enfraksyon seksyèl, oswa asèlman;
- Bay viktim/sivivanvyolans nn kay, enfraksyon seksyèl, oswa asèlmansèvis lojman oswa enstalasyon ki diferan de sa ou bay nenpòt ki lòt moun nan popilasyon an.

NYCHRL entèdi tou diskriminasyon sou baz estati yon endividyèl antanke yon viktim/sivivan vyolans nan kay, enfraksyon seksyèl, oswa asèlmannan travay epi li egzije anplwayè yo pou bay viktim/sivivan vyolans nan kay, enfraksyon seksyèl, oswa asèlman akomodasyon rezonab nan kote y ap travay la.

Pou gen plis enfòmasyon e pou anrejistre pou yon sesyon enfòmasyon gratis sou responsablite w kòm yon moun/antite k ap bay lojman selon Lwa sou Dwa Imen nan Vil New York, ale sou sit Entènèt la nan **NYC.gov/HumanRights**.